# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे पूरा प्रदेस में जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कई के आम लोगिन से ओट डरले क अपील कई जा रहल हवे। एही क्रम में बनारस मे आजु आंगनबाड़ी कार्यकत्री लोगि हाथ में मेंहदी रचि के लोगिन के जागरूक कइलिन। ओहर मथुरा के बीएसए इंजीनियरिंग कॉलेज के सभागार में स्वीप के अन्तर्गत जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। येह दौरान मण्डलायुक्त विद्यार्थियन क बनावल मतदाता जागरूकता रंगोली के देखलें। येही क्रम में चित्रकूट जिला में आजु मतदाता जागरूकता मैराथन क आयोजन कइल गइल। येह दौरान मतदाता लोगिन के ओन्इस अपरैल के ओट डारे बदे सपथ दियावल गइल। येही क्रम में हरदोई अउर अमरोहो में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन भइल।

**********

लोकसभा चुनाव क परचार अभियान जोरिया गइल बाटे। येही क्रम में कई गो संगठनन की ओरि से प्रदेस के कई गो जिलन में जनसभा क आयोजन कइ के अपने पक्ष में ओट डरले क अपीलि कइल जा रहल हवे। भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मुजफ्फरनगर में लोकसभा ओम्मेदवार संजीव बालियान अउर संगीत सोम के पक्ष में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि हमहन के व्यक्तिबत मतभेद के किनार करत देस के बारे में सोचे के हउवे। देस अउर राष्ट्र धरम से बढ़ि के हमहन खातिर कुछु नाही हो सके ला। हमहन के ऊ सरकार चाहीं जवन कांवड़ यात्रा चला सके। कर्फ्यू लगावे वाला लोगि हमहन के नाहीं चाहीं। ओहीं बुलंदशहर में भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहलें कि भाजपा अपने घोसणा पत्र में कइल गइल सज्जो वादा के पूरा कइले हउवे।

**********

भारतीय जनता पारटी दुइ हजार चउबीस के लोकसभा चुनाव बदे आजु ओम्मेदवारन क एगो अउरियो सूची जारी कइले हउवे। जवने में उत्तर प्रदेस के आठ लोकसभा सीटिनि पर ओम्मेदवारन क नांव घोसित कइल गइल हउवे। एहमें कौशांबी से विनोद सोनकर, मैनपुरी से मंत्री जयवीर सिंह, बलिया से नीरज शेखर, इलाहाबाद से केसरी नाथ त्रिपाठी क बेटा नीरज त्रिपाठी, गाजीपुर से पारसनाथ राय, मछली शहर से बीपी सरोज, फूलपुर से प्रवीण पटेल के टिकट दीहल गइल हवे। भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर सनेसा के जरिये घोसित ओम्मेदवारन के जीति खातिर सुभकामना दिहले हवें।

**********

समाजवादी पारटी आगामी लोकसभा चुनाव के देखत आजु आपन घोसणा पत्र जारी कइ दिहले हवे। समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव येह घोसणा पत्र के विजन डॉक्यूमेंट के नांव से जारी कइले हवें। सपा अध्यक्ष कहलें कि विजन डॉक्यूमेंट क मुख्य उद्‌देस्य समानता क अधिकार, न्याय क अधिका, संविधान बढ़वले क अधिका, लोकतंत्र क अधिकार, स्वतंत्रता क अधिकार हउवे। आवे वाले चुनाव में इण्डिया गठबंधन इतिहासिक जीति हासिल करी। उहां के कहलीं कि जाति जनगणना बहुत जरूरी बाटे अउर समय पर जातीय जनगणना होखे के चाही। एकरे खातिर हमार सरकार जरूरी कदम उठाई।

**********

अजोध्या में रामलला क प्राण प्रतिस्ठा भइले के बाद से दुनिया भर क रामभक्त अपने आराध्य के दरसन बदे उमड़ि रहल हवें। येह दौरान रामभक्तन के ओरि से उन्हें अपने सरधा के मोताबिक तरह–तरह क अनुपम उपहार भेंट कइल जा रहल हवे।

येही क्रम में आजु पूर्व आईपीएस सुब्रमण्यम लक्ष्मी नारायण अपने जिनगी भर के कमाई से बनल सोने क रामचरित मानस भेंट कइलें। पांच करोड़ के लागति से बनल येह रामचरित मानस क वजन एक सौ एक्यावन किलो हवे। येह रामायण के तइयार करवले में चारि किलो सोना अउर एक सौ चालीस किलो तांबा क इस्तेमाल भइल बाटे। येह बारे में जनकारी देत विश्व हिन्दू परिषद क प्रांतीय मीडिया प्रभारी शरद शर्मा बतवलें कि अब रामलला के गर्भगृह में सरधालु सोन क रामचरित मानसो क दरसन कइ सकिहें। एकर निरमाण चेन्नई क मसहूर वुममिडी बंगारू ज्वेलर्स कइले हवे। येह रामचरित मानस के रामलला मंदिर के गर्भगृह में उनके आसन के लग्गे पनरह फुट के दूरी पर स्थापित कइल गइल हवे। येह रामचरित मानस में अंकित स्लोक चउदह गुणे बारह इंज अकार क हवे।

**********

प्रदेस भर के सक्तिपीठन आ देवी मंदिरन में चलि रहल नवरातर क मेला अपने चरम पर बाटे। आजु मां भगवती क दुसरका स्वरूप माता ब्रह्मचारिणी क उपासना कइल जा रहल हवे। मिरजापुर जिला के विन्ध्याचल स्थित सक्तिपीठ माता विन्ध्यवासिनी देवी मंदिर, बलरामपुर जिला के देवीपाटन स्थित माता पाटेश्वरी देवी मंदिर अउर नैमिषारण्य स्थित माता ललिता देवी मंदिर पर लागत चइत नवरातर मेला में भक्तन क भीड़ि उमड़ल हउवे। बनारस के दुर्गाकुण्ड क सथहीं सज्जो देवी मंदिरन में दरसन–पूजन बदे सरधालुअन क तांता लागल बाटे। पूरबी जिलन में स्थित सक्तिपीठन अउर देवी मंदिरन पर लागल नवरातर मेला में ढेरि संख्या में लोगि एकट्ठा हो रहल बाडें।

**********